# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2018 jıl yanvar-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 14185,2 mlrd. sumdı quradı hám 2017 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 3,4 % ke ósti.

2018 jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaqları boyınsha xalıqtıń jan basına JAÓ 7642,9 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılg'a salıstırg'anda 1,9 % ke astı.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw**

| | *mlrd. sum* | | *2017 jıl yanvar-dekabrge salıstırǵan da % da* |
|---|---|---|---|
| | *2017 jıl yanvar-dekabr* | *2018 jıl yanvar-dekabr* | |
| **I. JAÓ** | **10243,0** | **14185,2** | **103,4** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 9609,9 | 12951,5 | 103,4 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 633,1 | 1233,7 | 103,7 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **9609,9** | **12951,5** | **103,4** |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 2783,7 | 3733,0 | 103,0 |
| Sanaat (qurılıstı qosqan halda) | 3219,8 | 4869,1 | 101,6 |
| sanaat | 2596,0 | 4047,4 | 100,6 |
| qurılıs | 623,8 | 821,7 | 105,4 |
| Xızmetler | 3606,4 | 4349,4 | 105,3 |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 616,4 | 755,6 | 104,4 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 778,6 | 898,4 | 111,7 |
| basqa xızmet túrleri | 2211,4 | 2695,4 | 103,3 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarında gúzetilgen ósim pátleri JAÓ ósiwinde tiykarǵı faktor bolıp xızmet qıldı. Atap aytqanda tasıw hám saqlaw -111,7 % (JAÓ quramındaǵı úlesi – 6,9%), qurılıs -105,4 % (6,3%), xızmetler – 105,3 % (33,6 %) dı qúradı.

**2018 jıl yanvar- dekabrde JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ósim pátleri**



Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi jámi JAÓ niń 91,3 % ın, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 8,7 % ın quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 0,2 % punktke kemeydi hám esabat dáwirinde 28,8 % dı quradı. Sanaat (qurılıstı qosqan halda) tarawınıń úlesi 4,1 % ǵa astı hám 37,6 % dı quradı. Xızmetler tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2018 jıl yanvar-dekabrde 33,6 % dı quradı hám 2017 jıl tiyisli dáwiri (37,5 %) menen salıstırǵanda 3,9 % punktke kemeydi.

***Jalpı aymaqlıq ónimniń tarawlar boyınsha quramı (jámige salıstırǵanda payızda):***






Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń JAÓ quramındaǵı úlesi 5,8 % dı (2017 j. – 6,4 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs – 6,9 % dı(8,1 %), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar – 20,9 % dı (23,0 %) quradı.

**Xızmetler tarawınıń jalpı qosılǵan qun quramı (jámige salıstırǵanda payızda):**




***Statistika jumısların shólkemlestiriw hám ulıwmalastırılǵan málimleme-tallaw jumısları bólimi***

**Tel.: (0-361) 222-74-58;**

**(0-371) 230-82-03**